



**PWOSE VÈBAL
REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON (BOSTON SCHOOL
COMMITTEE)**

mercredi 1 septembre 2021

Komite Lekòl Boston te fè yon reyinyon adistans nan dat 1 Septanm 2021 an a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manb Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Altènatif Elèv yo Tiffany Luo.

Manb Komite a ki te absan: Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Pwen Dominan

Rapò Reyinyon: Reyinyon 4 Out 2021 Komite Lekòl Boston yo

Akò pou Apwobasyon Total 77,941,811\$

Memo Prezidan Komite soumèt devan Komite a re: Nominasyon Vis-Prezidan Gwoup K ap Travay pou Elèv k ap Aprann Anglè yo, 4 Out 2021

Mizajou Refòm Komisyon Konsèy (BSAC) PowerPoint

Mizajou Deklarasyon Enpak sou Ekite BSAC

Memo Jenny Fernandez, Koòdonatè Angajman Elèv yo, soumèt bay Komite a re: Mizajou BSAC, 24 Out 2021

Bidjè Ane Fiskal FY 2022: Mizajou Fon Sekou Dijans Lekòl Segondè ak Primè (ESSER) PowerPoint

Deklarasyon Enpak Estrateji Ekite Fon Rekiperasyon ESSER

Memo Eva Mitchell, Chèf Responsablite, Soumèt bay Komite a re: Plan Finansman Sekou
Dijans Lekòl Segondè ak Primè, 27 Out 2021

PREZANTASYON

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Mercer te absan. Vis Prezidan Michael O'Neill te rive touswit aprè Madam Sullivan te fin fè apèl la; Mesye DeAraujo te rive pandan preparasyon rapò pou Ane Lekòl School 2021-2022 ; epi Repezantan Altènatif Elèv yo Tiffany Luo te rive touswit aprè Madam Sullivan te fin fè apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke genyen sèvis entèpretasyon ki disponib pandan reyinyon an nan lang espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap vèdeyen, Vyètnamien, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon yo te tradui nan tout lang ofisyèl BPS epi yo te poste yo piblikman sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòsmansman reyinyon an.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pandan apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 4 Out 2021 Komite a.

RAPÒ SIRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi Madam Prezidan, mèsi a nou tout dèske nou rejwenn nou aswè a. Nou rete yon sèlman yon sèmèn pou yon nouvo ane lekòl kòmanse. N ap kontan anpil pou nou wè elèv nou yo de 1-12 Jedi 9 Septanm semèn pwochen ansanm avèk elèv preskolè ak elèv Kindergarten nou yo Lendi 13 Septanm. Aprè rapò m lan, ekip mwen avèk mwen pral bay yon lòt mizajou sou preparasyon nou fè, pandan ete a. Mwen t ap renmen jis pale de kèk mizajou ak bagay enpòtan.

Semèn pase Madi 24 Septanm lan nou te fè premye Reyinyon Kominotè pou Retou Lekòl la (Back To Shool Meeting), pou bay fanmi yo opòtinite pou yo tandè m ak lidè distri yo konsènan plan nou yo pou nouvo ane lekòl lekòl la. Nou konnen genyen anpil paran ak moun k ap pran swen timoun yo (care givers) pa kapab patisipe nan reyinyon nou te fè semèn pase a paske nou te rive nan limit nou te ka pran sou Zoom. Nou eskize nou pou enkonvenyan sa a epi n ap fè de reyinyon anplis demen 2 Septanm lan ak Madi 7 Septanm lan. Tou de reyinyon ap soti 5:30 pou

Reyinyon Adistans Boston School Committee
Zoom
mercredi 1 septembre 2021

rive 7:00pm. Genyen detay ki disponib sou paj entènèt Back to Chool nou an sou bostonpublicschools.org/BackToSchool. Depilè sa a n ap travay avèk Zoom pou nou elaji limit moun nou ka pran nan reyinyon zoom yo. Pou pwochen reyinyon yo n ap ka ofri 5,000 plas pou patisipan epi n ap bay sèvis entèpretasyon pou fanmi yo pandan reyinyon yo. Anplis de sa, reyinyon kominotè 24 Out la te anrejistre e li disponib nan plizyè lang sou [Paj entènèt Back to School](https://bostonpublicschools.org/BackToSchool). la pou moun gade. Epitou nou pral difize pwochen reyinyon yo sou YouTube. Difizyon sou YouTube yo ap disponib sèlman an Anglè, Sepandan sou Zoom n ap bay sèvis entèpretasyon nan Arab, Kreyòl Kap Vèdeyen, Kantonè, Kreyòl Ayisyen, Mandaren, Pòtigè, Somalyen, Espanyòl ak Vyètnamyen. Reyinyon ap genyen seyans kesyon ak repons, avèk kesyon yo te poze anpil ke nou te reponn pandan premye reyinyon an, l ap genyen diskisyon sou pwotokòl sante ak sekirite ak resous vaksinasyon COVID-19. Ankò, enfòmasyon reyinyon disponib sou bostonpublicschools.org/BackToSchool. Nou pa ka tann pou nou wè fanmi nou yo demen swa oswa Madi 7 Septanm.

Pandan de semèn ki pase yo, nou te genyen divès konferans ak seminè pou pèsonèl yo te ka reyini ansanm e prepare pou nouvo ane lekòl la. Mwen vle remèsye ekip ALI a, pèsonèl Biwo Santral yo ak lidè lekòl nou yo pou yon Seminè sou Lidèchip ane sa a ki te fèt nan mwa Out la ki te ekselan. Lidè lekòl yo te rankontre pandan twa jou, 16-18 Out, pou diskite sou enstriksyon ansèyman ekitab, kreye epi soutni ekip lidèchip ansèyman yo anpil ak planifikasyon estratejik jesyon pou chanjman. Mwen vle remèsye Mayor Janey, Pwofesè Boston yo Prezidan Sedika Jessica Tang, Prezidan Robinson, ak konferansye nou yo, Doktè Alkfred Tatum ak Doktè Ghody Muhammad dèske yo rejwenn nou ak sipòte lidè lekòl nou yo ak ekip akademik pa pandan n ap prepare pou yon ane lekòl reyisi.

Semèn ppase, nou te selebre nouvo manb klas 2021 an nan Seremony Gradyasyon Ki te fèt nan Ete nan Distri a nan White Stadium lan. Nou te selebre 50 gradye ki soti nan 21 lekòl, fanmi ak zanmi ak pèsonèl BPS yo te patisipe nan evenman an. Atravè distri a, plis pase 200 elèv te resevwa diplòm nan pwogram ete BPS la, epi anpil lekòl te fè pwòp seremoni to. Mwen vle remèsye Ekip Lekòl Segondè nou an, an patikilye Lindsa McIntyre pou MC-ing ak Gene Roundtree pou enspirasyon yo. Mèsi tou, Prezidan Robinson, dèske ou te konferansye nou, epi sètènman remèsiman pou elèv Burke yo, The English High School ak CASH ki te konferansye pale tou. Ankò yon gran aplodisman pou tout Biwo Lekòl Segondè a ak tout moun ki te fè volontarya nan White Stadium pou travay yo fè evenman sa a yon evenman reyisi. Li te bèl anpil pou nou te wè plis elèv travèsè etap ane sa a. Nou depase rekò pousantaj gradyasyon 2020 nou an, epi n ap kontinye travay pou n ogamante pousantaj gradyasyon 4-5 ane distri a an jeneral. Klas 2021 te pèsevere nan moman difisil sa avèk klas! Li vrèman enspiran e mwen fyè de gradye sa yo! Felisitasyon!

Pandan m ap pale de Gradye Boston yo, yèswa mwen te gen privilèj pou mwen te patisipe nan seremoni ak resepsyon BPS Community Service Awards ak Menino Scholars Boston University. Se yon evenman anyèl mèveye epi li te bon poum te la anpèsòn ane sa a olye de patisipe sou Zoom! Yèswa nou selebre 27 gradye BPS ki resevwa Bousdetid Menino a. Yo ofri yon bousdetid katrant chak ane pou anviwon de douzèn elèv BPS ki nome pa direktè lekòl yo oswa konseye gid yo.

Etabi an 1973 kòm pwogram “Boston High School Scholars” Bousdetid Thomas M. Menino vin youn nan pi gwo pwogram bousdetid nan vil yo nan peyi a.

Depi kòmansman pwogram sa a, Pwogram Bousdetid la bay prè de 2000 elèv 190 Milyon Dola bousdetid. Pandan 4 ane k ap vini yo, kowòt sa a ap resevwa plis pase 6,4 milyon dola pou finans bousdetid nan Boston University. Nou te onore tou 58 respityandè BU Community Service Award, epitou yon pwogram eksklizif pou gradye BPS yo, ki genyen yon angajman finansye de 12,2 milyon Dola BU pou 4 pwochen ane elèv sa yo. Mwen kontan anpil pou elèv sa yo ak fanmi yo, ki te fyè anpil nan evenman yèswa, Epitou nou tout apresye Boston University dèske yo sipòte gradye nou yo nan karyè inivèsite yo.

Nou te genyen anpil eveman Back to School pandan de dènye semèn ki sot pase yo ansanm avèk Jounen K Countdown to Kindergarten . Mwen te an mezi pou m tale nan sa ki t ap fèt nan Mattapan lan Vandredi pase, epi mwen te kontan anpil pou m te wè timoun Kindergarten nou yo avèk ti mayo jon yo sou yo, ki kontan pou yo kòmanse yon nouvo ane lekòl. Nou rete yon Jounen K nan Sid Boston Vandredi 10 Septanm

Kite m raple nou ke, elèv Preskolè ak Kindergarten nou yo kòmanse lekòl la kèk jou aprè lòt klas yo, Lendi k ap 13 Septanm lan. Mwen te amize m anpil nan Selebasyon Back To School Salvation Army t ap òganize ak sa TD Garden t ap òganize nan Kroc Center nan Dorchester. Nan 10èm evenman anyèl la genyen 3000 valiz ke yo te distribye bay fanmi yo nan tout vil la. Mwen te patisipe tou nan Ready Yourself Back to School Roxbury a Samdi pase. Te genyen kèk aktivite amizan pou timoun yo ak pèsònèl Kindergarten yo te sou plas pou evenman e yo te distribye valiz. Nou remèsye vwazen Boilling, Dudley Cafe yo dèske yo te fè evenman sa a. E Mèsi Majistra Janey, Depite Ayanna Pressley, Senatè Chang-Diaz, Konseye Campbell ak Ekip Countdown nou an pou lajwa yo te pote sou plas la. Mwen konnen anpil nan lekòl nou yo te fè pwòp selasyon yo, pandan n ap prepare pou nou resevwa elèv nou yo lekòl yo ankò. Mwen vle remèsye tout pèsònèl nou yo ak patnè kominotè nou yo ki ede nou prepare elèv ak fanmi yo pou nouvo ane lekòl la epi sa ki pi enpòtan fè yo kontan pou yo retounen lekòl.

Anpil nan selebasyon sa yo te òganize klinik vaksinyasyon puiske n ap kontinye fè efò nan tout vil pou nou vaksinen otan de moun nan kominote. Mwen te anmezi pou m te pase nan klinik ki nan BINCA sèmèn pase li bon pou m te wè kominote a vini pou sipòte inisyativ sante piblik sa a. Te genyen manje, mizik, loteri ak enfòmasyon pou fanmi yo, ak konsèy sou legalizasyon imigrasyon ak ti kay pou patnè kominotè yo eksplike ke vaksen an sekirize. Mwen te pale avèk manb ACEDONE ak manb kominote Ayisyen an konsènan esitasyon yo gen pou yo pran vaksen an epi kòman evenman tankou klinik nan BINcA ede ranfòse lide ke vaksen yo pa gen okenn danje epi kòman yo se zouti efikas pou konbat pandemi an. Elèv BinCA ki se elèv ekstraòdinè te pase nan kominote alantou lekòl semèn avan evenman pou ankouraje moun yo vin pran vaksen an. Se yon efò men-anpil-chay-pa lou (tout moun met men) epi mwen remèsye patnè sante nou yo, ak Boston Medical Center ak CIC Health pou tout sipò yo te bay nan estrateji nou yo. Tcheke bostonpublicschools.org/calendar pou dat, lè, and lokal klinik ki pral fèt yo ak lòt enfòmasyon enpòtan pou fanmi yo.

Ekip mwen an avèk mwen pral bay yon enfòmasyon soi planifikasyon Back to School nou an talè, men avan mwen fini rapò mwen an mwen t ap renmen raple règleman pou tès ak mas nou yo pou ane lekòl 2021-2022 a. Tout elèv BPS ak pèsònèl yo, kèlkeswa yo te vaksinen ou pa, ap gen obligasyon pou yo mete mas pandan yo nan etablisman lekòl yo, pandan transpò nan bis jon yo, epi lè y ap patisipe nan yon evenman lekòl la oswa lè y ap vini nan evenman espòtif yo lè yo retounen lekòl la an Septanm. Yo dwe mete yon mas ki kouvri figi yo ak vizaj yo. [la a](#) W ap wè

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

direktiv sou mas ki akseptab yo, koutwazi CDC. Mas p ap obligatwa lè genyen distans sosyal apwopriye ki antre an aplikasyon.

- Pandan moman mas pa obligatwa;
- Pandan moman manje oswa bwè;
- Pandan yo deyò

Se fanmi elèv la ki dwe ba li mas pou figi l epi pèsònèl yo responsab pou yo genyen mas yo. Sepandan, distri a ap genyen mas ki disponib pou l bay moun k ap antre antre nan yon espas etablisman, oswa pou manb komisyon transpò lekòl la ki pa genyen youn. Si elèv yo vyole règleman sa a, lidè lekòl la ap konsilte paran/responsab, Sèvis Sante ak/oswa Biwo Edikasyon Espesyal nan lide pou fè sèten ke tout elèv konfòm yo ak règleman sa a ak kòd konduit elèv yo ap antre an aplikasyon si sityasyon egzijè sa. Si pèsònèl yo vyole règleman sa a y ap jere sa menm jan yo te vyole lòt règleman Boston Public Schools. Vizitè yo bay pèmasyon ki pou rantre nan etablisman yon lekòl ki antre an vyolasyon avèk règleman sa a ap resevwa yon mas ki akseptab pou yo mete pandan yo nan lekòl la oswa nan lòt etablisman BPS. Vizitè ki refize mete yon mas oswa ki retire mas la pandan vizit yo, y ap mande yo pou yo kite lokal la. Pou sa ki konsèn tè s la, tout elèv ap gen aksè ak sit Tès COVID-19 gratis. Kèlkeswa yo te vaksinen ou pa, n ap ankouraje tout moun patisipe. Paran yo dwe bay konsantman yo pou tè s sa a, nou te voye fòmilè konsantman bay paran yo semèn pase. Jiska moman m ap pale a, nou resevwa plis pase 10,000 konsantman afimatif (wi). Tès se yon zouti enpòtan pou anpeche COVID la pwopaje konsa nou ankouraje tout paran pou yo bay konsantman sa a pou ke nou tout kapab rete an sante e an sekirite.

Direktè Martinez avèk nou awè a e mwen rekonesan anpil pou kolaborasyon li fè avèk nou pandan plis pase 19 mwa. Nou pa t ap ka reyalize li san sipò ak gid li. L ap pote rapò Covid ki pi resan pou nou epi li pra pale avèk desizyon ki te pran konsènan posibilite pou n ta fèmen yon salklas oswa yon lekòl.

Finalman, mwen te vle bay enfòmasyon sou rechèch nou te fè pou nou te jwenn yon nouvo espas pou Edward M. Kennedy pou Health Careers (EMK). Pandan twa dènye semèn ki pase yo, an kolaborasyon avèk lidè lekòl la, nou te konsilte plizyè kay nan vil la. Anplis de wè nou gen anpil opsyon nan entitisyon akademik yo ak òganizasyon charitab yo, ekip mwen an te rele plis pase 50 lokal pou nou te wè si yo genyen espas ki disponib. Lidè EMK yo te dakò ke ale nan Endicott School building lan se sa ki pi bon pou moman sa pou nou ka kòmanse ane lekòl la. Ekip mwen an pran angajman pou yo fè swiv sou kèk koulwa nou gen kounye a. M ap kontinye enfòmè kominote lekòl la ak komite a sou pwogrè yo.

Antanke Sirentan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Mesye O'Neill fè konnen ke règleman ke distri a fè konfòm avèk règleman Boston pou etablisman yo epi yo konfòm avèk egzijans pote mas nan lekòl Ministè Edikasyon Primè ak Segondè. Li eksprime apresyasyon pou dilijans Sirentandan k ap chèche yon lòt sit pou EMK epi li mande pou yo enfòmè l de difil kite ak pwogrè. Sirentanda eksplike ke li menm avèk ekip li a te gase plizyè sit epi y ap travay avèk yon koutye (realtor) pou jwenn yon espas ki nòminal nan zòn Longwood Medical Area (LMA). Li di ke batiman Endicott la vid epi se li menm y ap prepare

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

pou yo itilize tanporèman. Li ajoute ke distri a pral kontinye chèche espas ki pi apwopriye. Mesye O'Neill ankouraje moun pou yo bay sijesyon yo pou lokal ki disponib. Sirentandan di ke distri a ka retire lekòl la nan etablisman Endicott la pandan ane lekòl si yo jwenn yon espas ki apwopriye.

Madam Luo mande si li obligatwa pou paran yo bay pèmision yo pou tès COVID la. Djenny Lobo Lopes, Direktè Prenispal Sèvis Sante (Health Services), konfime ke konsantman paran yo obligatwa. Li eskplike ke tès la genyen yon bagay y ap foure nan nen.

Madam Lopera te poze kesyon sou pwotokòl ak estrateji sante ak sekirite. Sirentandan te di ke dènye lè pou pèsònèl BPS yo konfime estati vaksinasyon yo (si yo vaksinen ou pa) se 20 Septanm, se apre lè sa distri a pral gen plis done sou pousantaj elèv ak pèsònèl ki vaksine ou pa. Li eksplike ke BPS ap travay pou ogamante kantite fanmi ki dakò pou tès COVID chak semèn lan nan kominike avèk fanmi pa mesaj tèks pou raple yo, pa lèt enfòmasyon (newsletter) ke BPS voye bay fanmi yo chak semèn, lyezon fanmi ak pwofesè yo.

Doktè Coleman mande kisa ki koz yo anplwaye plis pwofesè ki nwa. Sirentanda pale de avantaj ki genyen lè moun nwa ap ansenye elèv ki nwa. Li eksplike ke BPS pran angajman pou l divèsifye gwoup travayè yo pou pi byen reprezante antedan rasyal al lengwistik elèv li yo. Li di li voye Biwo Rekritman, Pwogram Kiltivasyon ak Divèsite a (Cultivation and Diversity Programs) nan Equity, Strategy & Opportunity Gaps epi li ogmante finans la. Lidè lekòl yo ap reflechi sou metòd rekritman yo ak epi komite rekritman plis divèsifye. BPS ofri yon gwoup afinite pou ogmante sipò pou pèsònèl yo tou.

Doktè Coleman te poze kesyon konsènan patenarya dostri a pou efò rekritman ak eksplwatasyon. Direktè Ekite ak Estrateji a Doktè Charles Grandson site Boston University/Wheelock School of Education kòm yon patnè enpòtan, ansanm avèk Pwogram Bousdetid Boston College la. Sirentandan di ke ekip li a pral bay komite a yon mizajou sou rekritman BPS an Oktòb.

Madam Polanco mande èske genyen obligasyon mas pou elèv edikasyon espesyal yo. Genyen elèv ki kapab kalifye pou yon egzansyon medikal, epi anplis de sa yo t ap bezwen ajoute sa nan Plan Edikasyon Endividyalize (IEP) elèv la.

Mesye Robinson felisite distri a pou aktivite yo te fè a poi akeyi elèv Kindergaten yo. Li te mande èske salklas yo ap byen ekipe. Sirentandan di ke pwofesè yo ap santi yo jwenn bon sipò nan finans ESSER la. Li te remèsye patnè yo tou ni Cradles to Crayons ak Salvation Army ki te bay founiti klasik pou yo bay fanmi yo. Li ankouraje fanmi ki bezwen founiti klasik pou yo pale avèk pwofesè pitit yo a oswa lidè lekòl la pou yo ka ede yo. Sirentandan te klarifye ke leta egzije paran yo ak responsab yo pou yo aksepte tès COVID pou pitit yo, olye ke yo refize.

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sirentanda an.

RAPÒ

Prepare pou ane lekòl 2021-2022 a - Sirentandan avèk ekip li a te prezante yon mizajou plan distri a pou prepare pou Ane Lekòl 2021-22 a. Marty Matinz, Direktè Sèvis Imen ak Sante pou Vil Boston te rejwenn Sirentandan an; Djenny Lobo Lopes, Direktè Prensipal Sèvis Imen te rejwenn Sirentandan, Drew Echelson, Sirentandan Adjwen Akademik; Jon Barrows, Direktè Resous Imèn; Monica Roberts Direktè Zafè Elèv, Avansman Kominotè ak Fanmi BPS; Laura Benavidez Direktè Egzekitif Sèvis Nitrisyon ak Alimantasyon BPS; Brian Forde Direktè Egzekitif, Depatman Etablisman; Delavern Stanislaus Direktè Transpò BPS; Ak Mark Racine Direktè Enfòmasyon te rejwenn Sirentandan an.

Sistèm metrik Covid-19 Boston (24 Out 2021):

- 3,234 Covid-19 te fèt (pandan 7 jou an mwayèn)
- To Covid-19 pozitif Boston se 3.6%
- 131 pasyan COVID-19 ki se granmoun ki nan lopital boston yo
- 69.5% moun k ap viv Boston resevwa omwen yon dòz vaksen.
- 50% moun k ap viv Boston nan chak katye resevwa omwen yon dòz vaksen.
- Plis pase 60% moun k ap viv Boston ki gen laj 12 a 15 zan resevwa omwen yon dòz vaksen.
- Pou plis enfòmasyon, vizite BPHC.org

Prezans:

- Retounen rapò sou prezans avan COVID la
 - Elèv yo dwe vini lekòl chak jou
 - Nòt obligatwa pou absans
 - Plans Prezans Reyisi a an Panorama
- Modifikasyon Pwosesis Lopital ak Domisil pou Elèv a Gran Risk yo ki vinerab pa rapò ak COVID-19
 - Nòt pou elèv ki dwe izole oswa antre an karantè akòz COVID-19

Plan Akademik yo:

- Timoun ki genyen pwoblèm medikal ki anpeche yo vini nan aprantisaj fas-a-fas pou yon kout oswa yon long peryòd tan (disponib sèlman an ka kote timoun lan gen yon pwoblèm medikal)
- Timoun avèk yon dyagnostik COVID konfime
- Retablisman Akademik
- Kreye anviwònman aprantisaj san danje, sen ak estimilan

Distri a ap ofri lòt opsyon aprantisaj pou elèv ki bezwen. BPS pral apwouve aksè pou aprantisaj sou entènèt pou elèv ki reponn ak yon kritè ke Ministè Edikasyon Segondè ak Primè (DESE) byen defini eke doktè elèv la apwouve. Elèv ke yo dwe mete ankarantè ap gen aksè avèk menm materyèl ke yo ansenye nan salklas. Sèvis Sante BPS fè swivi epi bay elèv pèsònèl ki te an ekspozè ak COVID-19 yo enstriksyon.

BPS pral fè investisman imedya pou byen sipòte elèv yo ak fanmi yo:

- Enstriksyon debaz de gran kalite pou tout elèv

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

- Aksele aprantisaj
- Fokis sou angajman ak kominote yo atravè materyèl efikas
- Aprantisaj Pwofesyonèl sou aprantisaj ekitab nan tout distri a
- Entèvansyon ki baze sou done ak rechèch pou tout elèv lè yo bezwen yo.
 - Mete materyèl entèvansyon inivèsèl disponib pou tout lekòl nan ELA ak Matematik
 - Bonjan sèvis konpansasyon pou elèv ki gen bezwen espesyal
 - Plan EL endividalize ki baze sou nivo ELD
 - Konsèy ak leson patikilye (mentoring an tutoring)

BPS pran angajman pou kreye lekòl ak salklas sekirize, kòrèk e enteresan nan:

- Devlope yon kominote avèk salklas e nan tout lekòl la itilize pratik SEL transfòmatif (pa egzanp, aktivite atiran, reyinyon chak maten, pratik restorasyon, rakonte istwa, aprantisaj ki baze sou pwojè)
- Favorize kontantman nan bay elèv yo opòtinite pou yo fè mouvman ak jwe ak fè aktivite atizana l ak edikasyon fizik
- Devlope konesans, konpetans, ak efikasite elèv yo pou yo pran defans sante ak sante lòt moun pa mwayen edikasyon sante
- Chèche byennèt anplwaye yo atravè pratik SEL pou granmoun ak inisyativ pou byennèt anplwaye.

Rekritman

Aktyèlman BPS genyen pòs sa yo ki disponib: 69 pwofesè; 96 kontwolè bis; 15 gadyen, 100 moun pou sèvi manje; 3 enfimyè; ak 79 parapwofesyonèl. Swasant pousan pwofesè ak konseye gid ke nou anplwaye yo se edikatè nwa konpare ak 54% edikatè ki te anplwaye nan pwen sa a ane pase. 230 pwofesè ak konseye gid nou anplwaye se kandida ki soti deyò e 56% ladan yo se edikatè nwa konpare ak 49% kandida ki soti deyò nan menm gwou la ke nou te anplwaye ane pase.

Enskripsyon

Rive nan dat 18 out 2021 an genyen 51,869 elèv ki enskri pandan Ane Lekòl 21-22 a. Tout kat sant akèy (Dorchester, Roslindale, Roxbury, East Boston) ouvri pou sèvis sou randevou ak san randevou.

Tès Depistaj COVID-19

Genyen twa nouvo opsyon ki disponib pou elèv ak pèsònèl lekòl yo: moun ki te fè tès k ap fè swivi tès yo; tès pou elèv ki gen sentom; "Test and Stay" (tès pou moun ki te an kontak sere) Tout tès yo gratis, konfidansyèl epi se pwofesyonèl Sante CIC ke DESE Massachusetts apwouve ki jere yo. Paran yo dwe konsanti nan objektif pou elèv pa yo patisipe. BPS ankouraje tout elèv patisipe. Nou te voye fòmilè konsatman dijital epi genyen fomilè an papyè ki disponib sou <https://www.bostonpublicschools.org/Page/8754>.

Vaksen se zouti ki pi pisan ki disponib pou proteje tèt nou kont COVID-19. Elèv ki gen 12 e plis ke sa kapab pran Vaksen Pfizer a. Ankolaborasyon avèk Boston Medical Center, BPS ofri klinik vaksinasyon nan plizyè lekòl.

Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon

Planifikasyon

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

- Finalize plan avèk Lidè Lekòl yo pou detèmine fonksyonman plan alimantè ki pi bon
- Fòmasyon pou retounen lekòl (Back to School) pou pèsonèl yo sou:
 - Pwotokòl sekirite
 - Plan dijans sèvis alimantè
 - Memi ak pwoblèm apwovizyonman

Difikilte

- Apwovizyonman
 - Eitati kontra Pou Pwovizyon
 - Mizajou sou kontra pwodui
- Anplwaye
 - Pousantaj pòs ki vid se 24.14%
 - 86.5% nan nouvo lekòl My Way Cafe yo

Pwotokòl sou kesyon manje pou Tout Elèv (K0-12) yo

- Elèv yo ap jwenn pèmasyon pou yo retire mas yo sèlman lè y ap manje e yo dwe retounen mete yo lè yo fin manje, lè y ap kite tab la oswa an jeneral lè y ap mache nan kafeterya.
- Lè y ap manje andedan, fenèt/pòt yo ta dwe omwen rete louvri ademi pou amelyore sikilasyon lè.
- Yo kapab manje anndan kafeterya, nan espas deyò, oswa salklas selon direktiv CDC ak selon liy direktiv ki nan plan lekòl la etabli ak Sèvis Nitrisyon ak Alimantasyon.

Elèv kas K0-6 yo

- Elèv yo ap chita nan plas kote yo ba yo chita ak kamarad yo.
- Kontwolè manje yo pral travay avèk pwofesè yo ak administratè yo pou etabli ak respekte plas yo ba yo a
- Yo kapab itilize plas deyò yo pou moman ti kolasyon (snack) ak/oswa manje midi pou yo ka jwenn plis espas.

Elèv Klas 7èm -12èm ane yo:

- N ap travay avèk Lidè Lekòl yo pou nou kontinye konnen kijan pou nou pi byen pran mezi sekirite pandan moman manje yo dapre kantite elèv, kapasite chak etablisman ak lòt faktè.

Enstalasyon

Ekipman Pwoteksyon Endividyèl ak Asenisman

- PPE toujou ap travay pou premye livrezon an fèt avan lekòl la relouvri
- N ap bay espas pou bezwen sanite omwen 2 espas pa klas nan yon zòn abityèl.
- Netwayaj nan ete sou wout pou l fin fèt avan elèv yo retounen.

Kalite Lè ak Vantilasyon

- Nou enstale 1,835 kaptè lè (Indoor Air quality (IAQ) nan 48 lekòl dis 25/8/21
- Nou chanje 3,242 filtè nan pirifikatè lè (in Air purifiers) nan 98 lekòl rive 25/8/21
- Genyen Vantilatè ak Pirifikatè Lè ki disponib sou demand pou tout lekòl.
- Nou pwograme pou nou kòmanse enstale èkondisyone yo otòn sa a.

Transpò

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

Pwotokòl Sekirite ak sante nan Bis

- Sekirite chofè ak kontwolè yo se priorite nou
- Tout elèv ak pèsònèl ap gen obligasyon pou yo mete mas nan bis yo otòn sa a. Elèv ki avèk eksepsyon apwouve yo pral akomode.
- Y ap dezenfekte tout bis yo yon fwa pa jou
- Selon direktiv DESE yo, tout fenèt ap louvri nan mezi depous pou lè ka antre.

Difikilte nou remake

- Reta Trafik: Evitman transpò an komen ap kontribiye ak nouvo chema sikilasyon e ak yon volim sikilasyon inabityèl elve.
- Aktyèlman chofè CBA yo nan negosyasyon
- Nou kontinye ap anplwaye kontwolè pou bis yo, men nou lwen kantite nou fikse a ki se 150 nouvo anplwa.
- Transfè done sou devwa elèv yo anreta
 - Woutin ak planifikasyon mwens efikas
 - Kantite chofè pi elve ke dabitid ki rekòmande pou reyalize menm travay la
 - Rekritman ak fòmasyon pral bezwen kontinye nan lotòn nan

Sipò pou Fanmi ak Elèv

- Fanmi yo ka itilize Where's My School Bus sou <https://schoolbus.bostonpublicschools.org/> pou yo trase bis elèv yo a
- Si yon fanmi gen kesyon oswa bezwen soutyen pou Transpò yo ka rele liy dirèk nou an nan 617-635-9520

Trajè ak Afektasyon Bis yo

- Chak bis genyon itinerè ak misyon, epi nou voye misyon bis yo genyen pa imèl ak pa lapòs (Out 25)
- Chofè yo pral fè pratike wout yo avan lekòl la komanse.

Lesepase MBTA yo

- Lese pase MBTA ap disponib pou tout elèv 7-12 ki kalifye yo pou yo pran l nan lekòl yo a pandan premye jou lekòl la.

Siveyan Bis yo*

- N ap bay tout elèv ki bezwen kontwolè bis kontwolè, konfòmman ak IEP elèv la.
- BPS toujou kontinye ap anplwaye kontwolè pou bis; aktyèlman nou lwen kantite nou fikse a ki se 150 nouvo anplwa epi nou antisipe ke genyen pwoblèm pèsònèl nan otòn.

Transdev

- Antretyen nan bis yo nan ete ap fèt avan lekòl la relouvri. Avèk soutyen Meri a, BPS ap negosye avèk Sendika Chofè pou lekòl avan lekòl la relouvri pou yon nouvo Akò Negosyasyon Kolektif (Collective Bargaining Agreement).

Estrateji Debaz pou Rediksyon COVID

- Fè Tès:
- Vaksen yo
- Kachnen yo
- Vantilasyon

Madam Lopera te mande done sou pousantaj vaksinasyon pèsònèl BPS yo. Mesye Martinez te di ke Meri a egzije tout pèsònèl yo pou yo vaksinen oswa fè tès chak semèn. Sirentan di ke pèsònèl BPS yo genyen jiska 20 Septanm 2021 pou yo verifye estati vaksinasyon yo.

Madam Robinson te mande si genyen plis elèv 12-17 lane k ap vaksinen kounye puiske yo apwouve vaksen Pfizer a. Direktè Martinez di ke ane lekòl vrèman pwoch, genyen plis timoun ki gen laj pou lekòl k ap vaksinen.

Direktè Martinez klarifye pou Mesye O'Neill ke 69.5% nan tout moun k app viv Boston resevwa omwen yon dòz vaksen. Li di ke objektif leta pou reyalize yon pousantaj vaksinasyon 80% nan etablisman lekòl yo kapab reyalize.

Madam Luo te poze kesyon sou espas tan y ap enstale èkondisoyne yo. Mesye Forde te di ke aktyèlman gen livrezon èkondisoyne (AC) eke BPS bay yon RFP pou sèvis enstalasyon yo. Genyen kèk lekòl k ap bezwen nouvo sèvis elektrisite pou sipòte èkondisoyne (AC) yo. Direktè Martinez te dakò pou l bay mizajou nan otòn lan. Madam Luo te poze kesyon sou plan pou elèv yo manje deyò. Sirentandan di ke ekip li a anvizaje bay lekòl yo tant pou elèv yo ka manje deyò. Mesye Racine konfime pou Madam Luo ke elèv yo gen pèmision pou yo pote aparèy pèsònèl yo lekòl la, li te sonje l ke genyen kèk aplikasyon ki konekte avèk aparèy BPS yo.

Madam Lopera te fè konnen enkyetid li genyen konsènan prezans akòz pa manke opsyon aprantisaj adistans pou fanmi yo. Li te ankouraje BPS to li retrase ak pataje done sou prezans dezagreje. Li te poze kesyon sou estrateji distri a mete anplas pou konbat pil absans ki konn genyen. Brian Marques, direktè prensipal Opòtinite pou Jèn, te di ke BPS fokis li sou devlope relasyon avèk elèv yo avèk fanmi yo epi ofri sipò. Lidè lekòl yo ka fè vizit vityèl oswa vizit adomisil fas-afas epi bay fanmi yo resous. BPS ap fè kanpay sansibilasyon tou pou konekte avèk elèv yo Madam. Lopera te mete anfas sou enpòtans ki genyen pou fè fanmi yo bay otorizasyon yo pou tès COVID la ak test and stay tès la. Madam Lobo Lopes te revize pwotokòl pou tès ak karantèn pou COVID la. Madam Lopera te poze kesyon sou plan pou redui mankman ki genyen pou chofè bis. Madam Stanislaus te di ke BPS pako konnen konbyen chofè y ap bezwen men yo pran angajman pou BPS kominike pwoblèm lan avk fanmi yo demen oswa nan de jou.

Mesye DeAraujo sigjere ke BPS dwe fè vaksen COVID la yon obligasyon pou elèv yo. Li fè konnen enkyetid ki genyen avèk obligasyon DESE yo pou fanmi yo bay otorizasyon pou tès la, li di ke pwosesis la ta dwe plis amikal. Doktè Lopes te di ke ekip li a pral travay pou amelyore kominikasyon avèk fanmi yo men li p ap ka fè chanjman nan fòmilè a. Konsènan enskripsyon, Madam Roberts te di ke, parapò ak distri lekòl ki nan vil yo, BPS pa wè anpil enskripsyon nan eta oswa nan peyi a depi kòmansman pandemi an.

Mesye O'Neill te pale sou difikilte ensètitud ki genyen nan mitan fanmi ak pèsònèl yo nan tout peyi a. Li te ankouraje pou genyen refleksyon ak li te mande pou yo kreye solisyon. Madam Stanislaus te pale sou patenarya avèk Depatman Polis Boston e kominike avèk fanmi yo pou idantifye kijan yo ka rann transpò a pi efikas.

Madam Polanco Garcia te di ke li tande fanmi yo genyen enkyetid konsènan varyan Delta, li site enpòtans soutyen sosyal-emosyonèl genyen. Li te mande klarifikasyon sou rekritman konseye

yo. Sirentandan di ke tout lekòl segondè yo genyen konseye epi tout lekòl kounye a genyen yon travayè sosyal anplentan. Li dakò pou l fè swivi pou l konnen konbyen konseye ki genyen egzakteman nan lekòl primè ak segondè yo.

Mesye Tran te mande pou yo prezante enfòmasyon sou rekritman yo bay kominite a ak pousantaj rekritman pwofesè lisansye yo te fè ak pwofesè ki abandone. Sirentandan di ke l ap prezante done yo nan prezantasyon sou rekritman l ap gen pou l fè nan mwa Oktòb la.

Mesye Robinson te mande si BPS ap ogmante kantite edikatè sante ki kalifye. Sirentandan te di ke distri a ap travay pou l bay bonjan kalite sante, li te ajoute ke edikasyon sou kesyon sante se yon obligasyon pou MassCore. Madam Robinson te poze kesyon sou kesyon vantilasyon nan lekòl yo. Madam Alvarez te di ke chak lekòl ap prepare yo pou amelyore sistèm vantilasyon yo. Mesye DePina te eksprime konfyans li genyen ke vantilasyon nan lekòl yo ap ase, li te di ke BPS ale odela de ezijans yo. Chak lekòl ap genyen vantilatè ak pirifikatè lè ak fenèt yo ap rete louvri. Madam Robinson ankouraje moun yo aplike pou pozisyon enpòtan sa yo nan BPS. Li te mande Sirentandan pou l pale de enkyetid nasyonan ki genyen konsènan vyolans sou jèn. Sirentandan te di ke ekip li a ap travay sou mezi prevansyon sekirite.

KÒMANTÈ PIBLIK LA ANJENERAL

- Jorge Lluberés, elèv, Edward M. Kennedy Academy for Health Careers (EMK), k ap viv nan Allston, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Yolanda Oliveira, elèv, k ap viv nan Brighton, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Erina Omisore, elèv EMK, k ap viv Mattapan, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Atticus Lim, Piedmont High School student, Piedmont, rezidan, te pale konsènan resous pou prevansyon twoub mantal twomatik.
- Jihad Wallace, EMK alumni, k ap viv Dorchester, Temwanye konsènan enkyetid ki genyen konsènan lokal yon etablisman lekòl pou elèv klas 11yèm ane ak 12yèm ane pandan Ane Lekòl 2021-2022 a.
- Ymaris Matias, paran Orchard Gardens K-8 School, k ap viv South End, temwanye konsènan enkyetid ki genyen sou kesyon sante ak sekirite ki lye ak aprantisaj anpèsòn lan.
- Sugey Scannell, paran Orchard Gardens K-8 School, k ap viv South End, temwanye konsènan enkyetid ki genyen sou kesyon sante ak sekirite ki lye ak aprantisaj anpèsòn lan.
- Sonia Medina, paran Orchard Gardens K-8, k ap viv South En, temwanye pou ke yo bay fanmi yo yon opsyon aprantisaj vityèl pou ane lekòl k ap vini an..
- Mike Heichman, manb Boston Education Justice Alliance (BEJA), k ap viv Dorchester, pale konsènan Ane Lekòl 2021-2022.
- Sean Cray, Pwofesè EMK, k ap viv Roxbury, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Edith Bazile, Avoka (advocate), k ap viv Dorchester, te pale konènan edikasyon espesyal akBuildBPS la.

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

- Ruby Reyes, direktè egzekitif BEJA, k ap viv Dorchester, te pale konsènan lekòl la k ap relouvri a.
- LaTonia Pettie-Simpkins, Pwofesè EMK, k ap viv Dorchester, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Gabe Avruch, Pwofesè EMK, k ap viv Brookline, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Christina Biggins, Pwofesè EMK, k ap viv Charleston, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- John Mudd, defansè (advocate), k ap viv Cambridge, temwanye konsènan priye ak gid finans ESSER.
- Angela Cappuci, Pwofesè EMK, k ap viv Stoneham, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Coutney Feely Karp, paran Henderson Inclusion School , k ap viv Roslindale, temwanye pou ke yo bay fanmi yo yon opsyon aprantisaj vityèl pou ane lekòl k ap vini an..
- Roy Karp, paran Orchard Gardens K-8, k ap viv South En, temwanye pou ke yo bay fanmi yo yon opsyon aprantisaj vityèl pou ane lekòl k ap vini an..
- Alicia Piedalue, Paran Eliot K-8, k ap viv Charlestown , te pale konsènan bezwen ki genyen pou plis opsyon ekolè de gran kalite nan pwogram enklizyon.
- Alexander Fato, Pwofesè EMK, k ap viv Roxbury, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Francis Duncan Pwofesè EMK, k ap viv Back Bay, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Peter Kovach, Pwofesè EMK, k ap viv Quincy, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Elizabeth Barron, Pwofesè EMK, k ap viv West Roxbury, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022
- Brittany Hampton, paran Eliot K-8, k ap viv Charlestown, temwanye an favè bonjan opsyon lekòl segondè ekitab (pou gen bonjan opsyon)
- Janet Guarino , paran Boston Union Pilot School, k ap viv Roslindale, temwanye pou ke yo bay fanmi yo yon opsyon aprantisaj vityèl pou ane lekòl k ap vini an..
- Damian Aufiero Pwofesè EMK, k ap viv Canton, te fè konnen enkyetid ki genyen konsènan yon etablisman lekòl pou klas 11yèm ane ak 12yèm ane pou Ane Lekòl 2021-2022

AKSYON

Mesye O'Neill te pale de anpil valè ke Boston resevwa antanke manb Komisyon Great City Schools, li fè konnen ke Boston pral òganize konferans anyèl Komisyon an an 2025 Doktè

Coleman te felisite objektif Komisyon an sou kesyon ekite nan zafè edikasyon epi li ankouraje manb yo patisipe nan evenman (aktivite) yo. Madam Robinson te pale gran konsènan patisipasyon li nan reyinyon komisyon an chak semèn.

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve pèman yo dwe Komisyon Council of Great City pou Ane Lekòl 2021-22 a yon montan de 40,868\$.

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm apwouve akò yo pou apwobasyon yon montan total de 77,941,811\$.

Mesye O'Neill te remèsye Mesye DeAraujo pou volonte li pou l pran wòl vis-prezidan Gwoup Travay pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL).

Apwouve- Pa apèl, komite a ansanm apwouve randevou Ernani DeAraujo pou jwe wòl vis-prezidan Komite Gwoup k ap travay pou ELL.

Mesye DeAraujo remèsye vis-prezidan Gwoup k ap travay pou ELL la Suzanne Lee ak koòdonatè jen Douglas pou sipò yo. Li di ke li pa ka tann pou li pote solisyon pou kèk pwoblèm enpòtan.

RAPÒ

Boston Student Advisory Council (BSAC) Reform Update - manb Boston Student Advisory Council (BSAC) yo Dorian Levy ak Tiffany Luo te prezante yon mizajou sou efò ke yo fè pou refòm BSAC. Direktè pa entèrim Soutyen pou Elèv (Student Support) Neva Coakley Grice te sipòte elèv yo.

Komisyon Konseye Elèv Boston an (Boston Student Advisory Council -BSAC) se yon kò ki reprezante elèv lekòl segondè yo nan Boston Public Schools (BPS). Lidè elèv yo reprezantè lekòl segondè kote yo lekòl, sèvis kòm yon mwayen pou fè yo tandè vwa elèv yo ak angajman yo nan distri a. Komisyon an travay pou fè yo tandè vwa (lide) elèv yo nan tout vil la. Konsèy la gen twa objektif prensipal: Jistis pou Anviwonman (Environmental Justice); Dwa elèv yo ak Vwa Elèv yo (Student Rights and Student); ak Amelyorasyon Klima ak Kilti lekòl la. BSAC ap travay pou fè tout elèv yo nan tout distri a konfronte pwoblèm sa yo.

BSAC dènyeman te angaje l avèk moun ki konsène yo pou devlope nouvo regègleman yo nan lide pou:

- Fè yo tandè vwa jèn yo nan ogmante puisans dezisyon jèn yo pran.
- Ogmante reprezantasyon elèv yo nan BSAC patikilèman pou popilasyon ki majinalize pa rapò ak istwa yo, ak elèv ki Nwa yo, Latino yo, Azyatik yo, Ameriken Natif Natal yo, Eèv k ap Aprann Anglè yo ak/oswa fanmi ki genyen fèb revni, ansanm avèk elèv ki gen andikap yo.
- Devlope yon relasyon egal avèk gramoun; planifye ansanm, egzekite ansanm epi pataje responsablite yo pou jwenn bon rezilta.
- Reprezantasyon egal lekòl segondè yo

Nouvo règleman yo pral:

- Fè sèten ke se jèn k ap dirije Komisyon an
- Fè sèten ke fanmi yo plis angaje nan ba yo nouvo enfòmasyon sou manb ak aktivite BSAC chak twa mwa epi envite yo nan evenman BSAC yo
- Bay manb yo opòtinite pou yo vin lidè, fòmasyon ak opòtinite pou yo pale nan piblik, sipò pou karyè pwofesyonèl ak inivèsite, atelye travay sou byennèt ak sante, ak konpetans pou yo reyisi aprè lekòl segondè.
- Fè sèten ke BSAC ap reprezante lekòl yo ak distri a kòrèkteman ak vil la tou si se nesesè.
- Kolekte fidbak lekòl yo.
- Ajoute yon aplikasyon si yon moun vle rejwenn komisyon an pou chèche plis ekite.

Evalye efikasite reyalizasyon sou règleman yo, sipò pou pèsonèl yo ak koòdonatè angajman elèv yo pra fè entèvyon youn pa youn; fòmilè pou fidbak (kòmantè); ak revizyon chak twa mwa; rapò nan mitan ak nan fen ane a.

Madam Luo te li yon deklarasyon apresyasyon reprezantan Komite Lekòl Boston (Boston School Committee) ak yon manb BSAC Xyra Mercer.

Madam Lopera te remèsye elèv yo pou travay yo e li te pale de enpòtans vwa (lide) elèv yo.

Mesye O'Neill te felisite bonjan apwòch elèv yo te bay nan travay la ak dèske yo trase yon egzanp pozitif pou rezoud konfli nan gwoup yo. Madam Robinson te felisite BSAC pou modèl koperasyon yo.

Bidjè FY 22: Mizajou sou Fon Sekou Dijans pou Lekòl Segondè ak Lekòl Primè (ESSER) - Boston Public Schools (BPS) pral resevwa 400 milyon dola nan Fon Federal Sekou Dijans pou Lekòl Segondè ak Lekòl Primè (Elementary and Secondary Schools Emergency Relief (ESSER) Fund -ESSER) pandan twa ane k ap vini yo.

Direktè Kontabilite a Eva Mitchell ak Direktè Finans la Nate Kuder te prezante plan distri a pou ogmante Fon ESSER II ke yo bay BPS yo. Yo te apwouve aplikasyon distri a pou 123 milyon Dola nan fon sekou federal pou BPS. Ministè Edikasyon Lekòl Primè ak Lekòl Segondè (Department of Elementary and Secondary Education -DESE) te enfòmè BPS nan dat 31 Out la ke finansman ESSER II ke distri a te mande a kapab depanse imedyatman.

Aktyèlman BPS nan stad final pou l finalize Plan ESSER II ke Sirentandan te dekese nan 8 Jiyè 2021 an pou konmantè piblik la te fè. Plan ESSER II distri a fonde sou plan estratejik senk-lane BPS la ki vize kominote a. BPS ap itilize fidbak adisyonèl li resevwa nan angajman li avèk 1500 konsène, ak 35 seyans avèk fanmi yo ak kominote BPS ki pi laj, sis reyinyon Komisyon ESSER yo, ak kat reyinyon Komisyon Elèv yo pou l kontinye fòmile estrateji Fon ESSER la.

Rezilta nou swete pou estrateji Fon ESSER distri a se pou sove pèt - akademik, sosyal emosyonèl ak sante fizik ki te pèdi akòz pandemi an - yon fason pou nou ka akselere aprantisaj epi fèmen tout vid, pandan ke n ap refòmè sistèm ak pratik BPS yo yon fason pou n ka fiske etap pou ekite ak ekselans pou tout elèv yo pandan lontan.

Doktè Coleman te mande pou distri a kreye yon modèl ki lojik pou ede suiv enpak envesitisman ESSER yo. Li te pale sou enpòtans yon sikl amelyorasyon kontinyèl. Sirentandan te di ke distri a pral modifye plan si se nesesè.

Mesye Dearaujo remèsye Meri Boston dèske yo bay 23 milyon dola finansman CARES Act. Li te pale de enpòtans pou yo sible resous pou bezwen popilasyon yo epitou ak valè ansèyman langaj matènèl yo. Mesye Echelon te pale de enpòtans pou yo fè sèten ke ansèyman lang matènèl genyen bon kontni ak enpòtans ki genyen an kreye enfrastrikti pou biwo santral pou sipòte elèv k ap aprann anglè ak elèv ki gen andikap yo.

Madam Lopera ranfòse sa mesye Echelon di de enpòtans ansèyman lang matènèl ak li te pale konsènan bezwen ki genyen pou pwogram avan ak aprè lekòl. Sirentandan te di ke distri a pral gounen pou l ofri pwogram avan ak aprè lekòl. Madam Roberts te pale de kèk difikilte distri a ap rankontre pou l ofri pwogram sou enkyetid sou sekirite ak sante ki lye gen rapò ak pandemi ak kòman BPS ap tavyav avèk patnè li yo pou konfwonte difikilte sa yo nan yon fason dirab.

Mesye O'Neill pa t dakò sou kesyon pou yo depanse lanjan nan nouvo lokal kote yo p ap ka soutni finansyèman. Prezantatè a te konfime pou Mesye O'Neill ke tout lekòl BPS yo resevwa Finansman ESSER II a. Mesye O'Neill te mande pou komite a resevwa yon lis repatisyon finans ESSER II nan men lekòl yo. Li ankouraje Sirentandan ak ekip li a pou yo sezi opòtinite sa a pou refòme lekòl yo. Li di ke gouvènman federal pral swiv distri a de prè pou gade ki rezilta li bay.

Madam Robinson te poze kesyon sou enpak finans yo ap fè sou nivo lekòl yo ak opòtinite pou yo bay pi bon pratik. Madam Mitchell te pale sou aprantisaj pwofesyonèl ke distri a bay pou dirijan lekòl yo e kòman komisyon an ak bòd ekite a revize plan ke ekip lidè pedagogik yo devlope yo. Madam Robinsyon te sijere ke BPS dwe anvizaje pou l kreye yon pwogram entèn ki parèy ak Donors Choose k ap kapab pèmèt pwofesè yo fè chwa. Sirentandan pale de bezwen ki genyen pou yo ogmante ekite nan levedefon (fundraising) lekòl yo, li fè konnen ke Fon Devlopman pou Edikasyon Boston (Boston Education Development Fund) dènyeman te anplwaye yon nouvo direktè egzekitif. Li di ke pwofesè yo ak dirijan lekòl yo ta dwe pale ansanm konsènan bezwen salklas yo ak kijan yo ka pi byen sipòte rekiperasyon elèv yo.

Komite a pwograme pou yo vote pou yo ka resevwa fon ESSER yo 22 Septanm.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

FINI

Reyinyon Adistans Boston School Committee

Zoom

mercredi 1 septembre 2021

Ozanviwon 11 p.m. Tout manb Komite a nèt te vote, pa apèl, pou yo te mete fen nan reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif